

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Populasi jeung Sampel

3.1.1 Populasi

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012.

3.1.2 Sampel

Anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012.

3.2 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ieu ngagunakeun métode kuasi éksperimén kalayan desain *One-group pretest and posttest design*. Desain ieu leuwih dipikiwanoh salaku desain saméméh jeung sabada kalawan struktur desain saperti ieu di handap:

O1 X O2

X nya éta perlakuan anu dilakukeun tur ditingali pangaruhna dina éta éksperimén. Perlakuan nu dimaksud nya éta model pangajaran *Examples Non Examples*. O1 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan* dilumangsungkeun, sedengkeun O2 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun sabada *perlakuan* dilumangsungkeun. Pangaruh *perlakuan* X bisa dikanyahokeun kalawan ngabandingkeun antara hasil O1 jeung O2 dina situasi anu kakontrol.

(Arifin, 2011: 77)

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi éksperimén. Méthode kuasi éksperimén nya éta méthode anu digunakeun ku cara ngayakeun kagiatan percobaan pikeun ningali kalungguhan hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Méthode ieu digunakeun pikeun ngukur éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupaten Cianjur.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksudna, tujuan sarta udaganna, baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- a. Modél Pangajaran mangrupa hiji rencana atawa pola anu bisa dipaké pikeun ngararancang pangajaran di jero kelas atawa dina tutorial jeung dina ngawangun material-matérial pangajaran, kaasup buku-buku, gambar computer, jsb.
- b. Modél pangajaran *Examples Non Examples* nya éta model pangajaran anu ngagunakeun gambar-gambar atawa conto salaku médiana.
- c. Nulis nya éta kagiatan ngalibetkeun sakabéh aktivitas otak boh otak belah kénca boh otak belah katuhu. Kagiatan nulis ngabantuan panulis dina ngébréhkeun sagala ide/gagasan anu diébréhkeun ngaliwatan médium basa.
- d. Sajak nya éta wangun lancar anu ngandung wirahma, diksi, rima, purwakanti, jsb. anu teu pati kauger ku aturan.

- e. Nulis sajak nya éta kagiatan ngébréhkeun ide/gagasan, anu ngalibetkeun imajinasi, muserkeun implengan ngaliwatan medium basa tinulis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tinulis (*paper and pencil*). Tés tinulis nu digunakeun nya éta tés aplikatif (penerapan) anu nungtut kamampuh nerapkeun pangaweruh tioritis siswa kana kagiatan praktis tur kongkrit. Kamampuh aplikatif di dieu nya éta kamampuh nulis sajak dumasar kana gambar.


Salian ti éta, ogé ngagunakeun instrumén *observasi*. Dumasar kana rarancang/kerangka gawéna ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén *observasi berstruktur*, nya éta sakabéh kagiatan *observer* geus ditangtukeun saméméhna dumasar kana rarancang gawé anu eusina mangrupa faktor-faktor anu geus ditangtukeun katégorisasina, dina hal ieu nya éta modél *Examples Non Examples*. Upama dumasar kana téknis ngalaksanakeunna ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nya éta observasi anu dilakukeun sacara langsung kana objék nu ditalungtik.

3.6 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah atawa prosedur anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, luyu jeung pamadegan Arifin (2011, 70) yén léngkah-léngkah panalungtikan kuasi ékspérimén ngawengku:

- a. Milih Masalah (analisis induktif);
- b. Ngayakan idéntifikasi masalah;
- c. Ngalakukeun kajian pustaka anu rélevan jeung pasualan;
- d. Ngarumuskeun Hipotésis statistik (H_0);
- e. Ngarumuskeun wangenan operasional jeung variable panalungtikan;
- f. Nyusun desain panalungtikan ékspérimén;
- g. Uji coba instrumén jeung léngkah-léngkah kagiatan ékspérimén;
- h. Ngalaksanakeun ékspérimén
- i. Ngumpulkeun, ngelompokkeun jeung ngadéskripsikeun data;
- j. Analisis data;
- k. Medar hasil ékspérimén luyu jeung rumusan masalah;
- l. Nyieun kacindekan, implikasi jeung saran; sarta
- m. Nyusun laporan panalungtikan ékspérimén.

Léngkah-léngkah panalungtikan ieu sacara gurat badagna bisa dicindekkeun saperti bagan ieu di handap, nya éta ngawengku perencanaan panalungtikan, pelaksanaan panalungtikan, analisis data jeung nyieun kacindekan (Subana & Sudrajat, 2009: 47)



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi partisipatif jeung tés. Observasi pasrtisipatif nya éta observasi anu ngalibetkeun siswa jeung panalungtik sacara langsung pikeun nganalisis éféktivitas panalungtikan nya éta ngeunaan éféktivitas model pangajaran *Examples Non Examples* pikeun pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012.

Dina ngalakukeun observasi, panalungtik ngagunakeun tés pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak. Tés ieu ngawengku prates jeung pascatés. Praté mibanda tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*. Sedengkeun pascatés mibanda tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*. Lian ti éta pascatés ogé mibanda tujuan pikeun nganyahokeun éféktif henteuna modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak.

3.8 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (pratés) jeung kamampuh ahir (pascatés). Aya sababaraha léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta:

a. Meunteun karangan. Pikeun meunteun hasil karangan biasana mibanda

kategori-kategori anu geus ditangtukeun, gumantung kana jenis karangan.

Aspék-aspék anu dipaké pikeun ngajén nulis sajak nya éta:

- 1) Eusi gagasan nu diébréhkeun;
- 2) Organisasi eusi;
- 3) Éjahan;
- 4) Nyumponan sarat-sarat nulis sajak;
- 5) Karapihan tulisan.

Sangkan leuwih jéntré bisa ditingali dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1
Format Skala Peunteun Nulis Sajak

No	Aspék nu dipeunteun	Skala Peunteun				
		1	2	3	4	5
1	Eusi nu diébréhkeun	1	2	3	4	5
2	Organisasi jeung penyajian eusi	1	2	3	4	5
3	Nyumponan sarat-sarat sajak	1	2	3	4	5
4	Ejahan	1	2	3	4	5
5	Karapihan tulisan	1	2	3	4	5
Jumlah Skor						

Keterangan aspék nu diajén sarta skorna:

1. Eusi gagasan nu diébréhkeun
 - 5 : Eusi luyu jeung téma, nepikeun informasi anu lengkep.
 - 4 : Eusi luyu jeung téma, nepikeun informasi anu cukup, sarta bisa ngamekarkeun.
 - 3 : Eusi luyu jeung téma, nepikeun informasi kurang lengkep sarta kurang ngamekarkeun.
 - 2 : Eusi luyu jeung téma tapi teu nepikeun informasi.

- 1 : Eusi teu aya patalina jeung téma, teu nepikeun informasi.
2. Organisasi eusi (mekarkeun karangan, hubungan antar paragraf)
- 5 : Eusi dimekarkeun sacara jelas, paragraf dimekarkeun, antar paragraf mibanda hubungan anu raket.
 - 4 : Eusi dimekarkeun sacara jelas, luyu jeung rangkay karangan, paragraf kurang dimekarkeun, antar paragraf mibanda hubungan anu raket.
 - 3 : Eusi kurang dimekarkeun, paragraf kurang dimekarkeun, hubungan antar paragraf kurang
 - 2 : Eusi teu luyu jeung téma, paragraf kurang dimekarkeun, hubungan antar paragraf kurang.
 - 1 : Eusi teu luyu jeung téma, paragraf kurang dimekarkeun, teu aya hubungan antar paragraf (teu nyambung).
3. Éjahan
- 5 : Henteu aya kasalahan dina nuliskeun éjahan.
 - 4 : Aya kasalahan éjahan (1-5), tapi teu ngarobah harti.
 - 3 : Aya kasalahan éjahan (5-15), tapi teu ngarobah harti.
 - 2 : Aya kasalahan éjahan (15 leuwih), harti teu jelas.
 - 1 : Teu maké aturan éjahan
4. Nyumponan sarat-sarat nulis sajak
- 5 : Ngandung pilihan kecap, gaya basa jeung purwakanti anu merenah, nimbulkeun wirahma
 - 4 : Ngandung pilihan kecap, gaya basa jeung purwakanti anu merenah kurang nimbulkeun wirahma

3 : Ngandung pilihan kecap, gaya basa jeung purwakanti tapi kurang merenah tur teu nimbulkeun wirahma.

2 : Ngandung pilihan kecap, gaya basa jeung purwakanti anu kurang merenah tur teu ngandung wirahma .

1 : Teu ngandung pilihan kecap, gaya basa jeung purwakanti

5. Karapihan tulisan

5 : Tulisan rapih, kabaca jeung teu aya corétan

4 : Tulisan rapih, kabaca, aya sawatara corétan

3 : Tulisan kurang rapih, kabaca, aya corétan

2 : Tulisan teu rapih, kurang kabaca, loba corétan

1 : Tulisan teu puguh kabaca

(Sudjana, 1991: 77)

Sabada dikanyahokeun skorna, tuluy dipeunteun dumasar kana rumus:

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

P = peunteun

\sum Skor siswa = jumlah peunteun siswa

\sum Skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

Katégori peunteun :

Peunteun ≥ 75 siswa dianggap mampu nulis sajak kalawan bener

Peunteun ≤ 75 siswa dianggap can mampu nulis sajak kalawan bener

b. Tabulasi data. Data anu mangrupa peunteun tuluy dilaporkeun dina wangun tabél saperti ieu di handap.

2) Sampel Karangan nu Dianalisis

Pikeun sampel anu dipedar ditarik 10 % tina jumlah pratés jeung pascaté. Sangkan leuwih jelas babandingan kamampuh ngarang siswa antara pratés jeung pascaté, dijieun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Analisis Babandingan Hasil Sajak Siswa antara Pratés jeung Pascaté
Dumasar kana Aspék nu Diajén

No	Analisis Aspék Sajak	Praté	Pascaté
(1)	(2)	(3)	(4)

Data anu ditabulasikeun tuluy dianalisis ngagunakeun analisis statistik. Léngkah-léngkahna ngawengku (1) Uji Normalitas, (2) Uji Homogénitas, (3) Uji Gain, (4) Uji Hipotésis.

3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data populasi nu digunakeun dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- Nangtukeun nilai panggedéna jeung pangleutikna
- Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu dihandap:

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log N$$

d) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

e) Nyieun tabel frekuensi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun

tabél ieu di handap:

Tabél 3.5
Format Frékuensi Peunteun Pratéés jeung Postés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

f) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

\bar{X} = rata-rata (mean)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 1992: 70)

g) Ngitung standar deviasi, carana nya éta

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.6
Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Praté

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	X ²
Σ								

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

(4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

(6) Ngitung lega kelas interval

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

(8) Nangtukeun nilai X² (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 1992:273)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 1992:293)

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

(a) Lamun $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.

(b) Lamun $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, tur data nu dihasilkeun normal, kagiatan nu satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

3.8.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho varian populasi data nu diujikeun mibanda varian anu homogén atawa henteu.

Léngkah-léngkah uji homogénitas nya éta:

a) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 1992: 95)

b) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

c) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

d) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

(1) Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogén.(2) Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 1992:250)

3.8.3 Uji Gain

Tujuan dilaksanakeunna uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil tés awal jeung hasil tés ahir. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan efektivitas modél pangajaran *Examples non Examples* dina nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang taun ajaran 2011/2012. Léngkah dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.7

Format Uji Jumlah Rata-rata Peunteun

No	Ngaran Siswa	Peunteun Praté	Peunteun Pascaté	d	d ²
1					
2					

Σ					
----------	--	--	--	--	--

3.8.4 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun tés awal jeung peunteun tés ahir. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

- b) Ngitung darajat kabébasan (*dk*), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

- c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

- d) Ngitung *t*, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

- t* = tés signifikansi
- Md* = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir
- $\Sigma x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi
- n* = jumlah subyék dina sampel

- e) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria, nya éta:

- (1) Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis kerja (*H_a*) ditarima jeung hipotésis nol

(*H₀*) ditolak, nya éta modél pangajaran *Examples Non Examples* éfektif

dipaké dina pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang.

- (2) Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis nol (H_0) ditarima jeung hipotésis kerja (H_a) ditolak, nya éta modél pangajaran teu éfektif dipaké dina pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang, (Arikunto, 2006:307).

